# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–30 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में विद्यार्थियन के गरमी के छुट्‌टी के दौरान सकारात्मक कार कइले क सलाह दिहले हवे।

**यह समय किसी नई हॉबी को अपनाने के साथ ही अपने हुनर को ओर तरासने का भी है। आज बच्चों के लिए ऐसे प्लेटफार्म की कमी नहीं जहां वे काफी कुछ सीख सकते हैं जैसे कोई संस्था टेक्नोलॉजी कैंप चल रही हो तो बच्चे वहां ऐप बनाने के साथी ओपन सोर्स सॉफ्टवेयर के बारे में जान सकते हैं अगर कहीं पर्यावरण की बात हो, थिएटर की बात हो या लीडरशिप की बात हो ऐसे भिन्न–भिन्न विषय के कोर्स होते रहते हैं तो उससे भी जुड़ सकते हैं।**

श्री मोदी नौजवानन बदे माई भारत नावं के एगो खास कैलेंडर क चर्चा कइलें, जेह के ये बरिस के गरमी के छुट्‌टी खातिर तैयार कइल गइल हौ। उहां के कहलीं येह कैलेंडर के जरिया से कुछु अनोखा कोसिस कइल गइल हौ। ये कैलेंडर के स्टडी टूर में नौजवान छात्र जन औषधी केन्द्रन के बारे में जनकारी ले सकेलें। प्रधानमंत्री हाले में पूरा भइल खेलो इण्डिया पैरागेम्स में खेलाड़ियन के प्रदर्सन क सराहना कइलें। उहां के कहलीं कि ये खेलिन में येह बेरि पहिले से जियादे खेलाड़ी हिस्सा लिहलें। येह से पता चलेला कि पैरा स्पोर्टस् लोकप्रिय हो रहल हवे।

प्रधानमंत्री बस्त्र अपसिस्ट यानी टेक्सटाइल वेस्ट पर चिंता जतावत कहलें कि ऐकर निस्तारण सज्जों दुनिया बदे चुनौती बनल हौ। उहां के कहलीं कि एक फिसदीयो से कम  टेक्सटाइल वेस्ट के नया कपड़ा में रिसाईकिल कइल जाला।

**भारत दुनिया का तीसरा ऐसा देश है, जहां सबसे ज्यादा टेक्सटाइल वेस्ट निकलता है लेकिन मुझे खुशी है कि हमारे देश में इस चुनौती से निपटने के लिए कई सरहनीय प्रयास किये जा रहे हैं। कई भारतीय स्टार्टअप्स ने टेक्सटाइल रिकवरी फैसिलिटी पर काम शुरू किया है। वह पुराने कपड़ों और जूते चप्पलों को रिसाइकल कर जरूरतमंदों तक पहुंचाते हैं कुछ समझता है पुराने कपड़े लेकर उसे दोबारा उपयोग करने लायक बनाती हैं और गरीबों तक पहुंचती है।**

जल संरक्षण पर चरचा करत प्रधानमंत्री कहलें कि जल सक्ति मंत्रालय अउर कई गो अलगि–अलगि स्वंयसेवी संस्था ये दिसा में कार कई रहले हवें अउर देस में हजारों कृत्रिम तालाब, चेक डैम, बोरबेल रिचार्ज अउर सामुदायिक सोकपिट बनउले का कार हो रहल हौ।

**********

वासंतिक नवरातर के पहिलका दिन्ने आजु भोरवे से प्रदेस भर के सक्ति पीठन अउर देवी मंदिरन में सरधालुअन क भारी भीड़ लागल हवे। बालरामपुर के देवी पाटन मिर्जापुर के विन्ध्यवासिनी सक्तिपीठ, गोरखपुर के लेहड़ा माता मंदिर तरकुलहा देवी अउर बुढ़िया माई मंदिर के सथहीं कई गो जिला के देवी मंदिरन में भोरवे से माँ दुर्गा के पहिला रूप माता शैल पुत्री के पूजा अरचना बदे सरधालुअन क लमहर कतार लागल हवे। माँ विन्ध्यवासिनी मंदिर में नौ दिन्न ले गर्भगृह में माता के चरन स्पर्स पर रोक लगावल गइल हौ। ओहां काल्हि रतिये से सरधालुअन क भारी भीड़ जुटे लागल हौ।

***मां विन्ध्यवासिनी की जय–जयकारों के बीच प्रसिद्ध शक्तिपीठ विन्ध्याचल मे चैत्र नवरात्र मेला प्रारंभ हो चुका है। कल से ही श्रद्धालुओं के विन्ध्याचल पहुंचने का सिलसिला अभी भी जारी है। भोर मे कलश स्थापना व मंगला आरती के बाद जैसे ही मंदिर के कपाट खुले समूची विन्ध्य नगरी घंटा घड़ियाल के साथ मां के जय–जयकारों से गूंज उठी। इस समय बड़ी संख्या मे श्रद्धालु मां विन्ध्यवासिनी का दर्शन पूजन कर त्रिकोण परिक्रमा पूरी कर रहें हैं। एस एम सबा आकाशवाणी समाचार विन्ध्याचल मिर्जापुर।***

**********

प्रदेस में निवेस प्रोत्साहन क एजेंसी इन्वेस्ट यूपी जल्दीये निवेस मित्र तीन पोर्टल लान्च कइले क तइयारी में जुटल हौ। ये पोर्टल के सुरू हो गइले से राज्य में निवेसकन क कार जल्दी हो जइहें सथहीं व्यापारिक गतिविधि जयादे आसान हो जाई। पोर्टल क उद्‌देश्य पारदरसिता, दक्षता अउर निवेस के अनुकूल माहौल के बढ़ावा दिहल हौ।

**********

पंचाइतिन के आत्म निरभर बनउलें अउर गरीब परिवारन के मांगलिक आयोजनन में सहर क मैरिज हॉल जइसन सुविधा उपलब्ध करावे बदे प्रदेस भर में परफॉरमेंस ग्रांट पावे वाला पंचाइतन में बारात घर बनावल जाई। गोरखपुर मंडल के उपनिदेसक पंचायती राज हिमांशु शेखर ठाकुर बतउलें कि बारात घर बनावे के लेके तइयारी तेजी से चलि रहल हौ। गोरखपुर मंडल के बीस पंचाइत में बारात घर बनउलें क कार प्रस्तावित हौ। येह में गोरखपुर जिला में दस गो, महराजगंज में नौ अउर कुशीनगर में एक ग्राम पंचायत सामिल हौ। हर बारात घर के बनउलें पर करीब तीनि करोड़ बाइस लाख रूपिया खरच होई। येह के बनावे क जिम्मेदारी प्रदेस स्तर से चुनल गइल तीनि गो एजेंसी के सौंपल गइल हौ। ओहां के बतउलीं कि बारात घर में गरीब अउर जरूरमंद परीवारन के बहुते कम रेट पर मांगलिक कार कइले क सुविधा मिली।

**********

मौसम विभाग अगिला चउबीस घंटा में तापमान में बढोत्तरी क आगम जतउले हवे। विभाग के हिसाबि से अधितम तापमान में तीनि से पांच अउर न्यूनतम तापमान में दुइ से चारि डिग्री सेल्सियस क बढ़ोत्तरी हो सकेला। आवे वाला चारि अपरैल ले प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी जिलन में मौसम सुक्खल बनल रही।

**********